

Chè Lely High School Paran/Responsab,

FAST (Florida Assessment of Student Thinking) se yon sistèm egzamen pou siveyans pwogrè ke yo administre twa fwa pa ane pou swiv pakou pwogrè pitit ou pandan li ap aprann pwogram ansèyman lekòl yo ki rele B.E.S.T. (Benchmarks of Excellent Student Thinking) atravè ane eskolè sa a. Rezon ki fè nou ekri ou lèt sa a se pou nou enfòmè ou ke pitit ou pral patisipe nan twazyèm seyans administrasyon (PM3) pou Klas 9èm oubyen 10èm ane nan egzamen Lekti FAST la (Florida Assessment of Student Thinking). Rezilta ki ap soti nan egzamen PM3 yo pral montre kòman pitit ou ap travay pou rive metrize kontni ki nan pwogram estanda pou nivo klas li a, epi nou pral ba ou enfòmasyon sou kijan pou w gen aksè avèk rezilta yo aprè ke egzamen an fini konplete. Ou ap kapab aksede orè egzamen sa yo sou sit entènèt pitit ou a ki ap ba ou yon vi jeneral (li gen pou tit “School-Specific Assessment Calendar”). Lè ou antre nan paj dakèy sit entènèt Lekòl Piblik Collier County a, klike nan Lekòl “Schools”. Nou kapab itilize nòt egzamen yo pou divès kalite rezon, ki enkli plasman nan kou ak pou konnen si elèv la reponn a egzijans gradyasyon lekòl segondè yo (Seksyon 1003.4282, F.S.).

Egzamen FAST pitit ou yo se egzamen ki adapte nan òdinatè ke yo ka pran nan yon òdinatè oswa tablèt. Kesyon yo ap vini mwens oswa plis difisil tou depan de kijan yon elèv reponn yo, epi chak elèv pral wè kesyon ki diferan ki ap soti nan yon bank kesyon komen. Chak seyans egzamen (PM1, PM2, ak PM3) pral prezante kesyon ki kouvri tout “plan” ansèyman yo an antye, ki vle di elèv yo pral rankontre kesyon ki reprezante estanda ki nan matyè oswa nivo klas la. Pou plis enfòmasyon sou fason yo desine egzamen an, ale vizite <https://www.fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/>. Si ou menm oubyen pitit ou ta renmen gade sa ki nan platfòm anliy la oubyen revize echantiyon egzamen Lekti FAST la lakay nou, echantiyon materyèl egzamen yo disponib sou sit sa a <https://flfast.org/families.html>.

Tanpri revize règleman sa yo avèk pitit ou anvan egzamen an:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pral pèmèt elèv genyen okenn aparèy elektwonik, enkli, men ki pa limite a, telefòn selilè, telefòn entelijan, ak mont entelijan, nenpòt moman pandan egzamen an **oubyen** pandan rekreyasyon (egzanp, twalèt), **menmsi aparèy yo fèmen oswa elèv la pa itilize yo**. Si yo jwenn pitit ou avèk yon aparèy elektwonik oswa si yo jwenn li ap itilize yon ekoutè Bluetooth/wireless/ekoutè piti pandan egzamen an ap dewoule, yo pral anile egzamen li a.
- **Konfimasyon sou Règleman Egzamen yo**—Tout tès yo enkli yon Konfimasyon sou Règleman ki li konsa: “Mwen konprann ke règleman sou egzamen ke yo sot li pou mwen la yo. Si mwen pa swiv règleman sa yo, yo kapab anile rezilta egzamen mwen an.” Avvan egzamen an kòmanse, administratè tès la li règleman yo pou elèv yo, epi elèv yo konfime ke yo konprann règleman egzamen yo lè yok like nan kazye ki nan paj entènèt sekirize a pou endike ke yo konprann règleman egzamen yo.
- **Diskite Kontni aprè Egzamen an**—Dènye pòsyon règleman sou egzamen yok e yo li pou elèv yo avvan pou yok like kazye a pou aksepte Konfimasyon sou Règleman Egzamen yo eksplike ke piske kontni tout egzamen ki sou etandi eta a sekirize, elèv yo pa dwe diskite oswa revele detay ki nan kontni tès yo (ki enkli kesyon egzamen ak pasaj) aprè yon fini pran tès la. Sa enkli nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou mesaj tèks, kourye elektwonik, oswa afiche yo sou entènèt, pa egzanp, sou sit medya sosyal tankou Facebook, Twitter, oswa Instagram. Tanpri veye pouk e pitit ou konprann règleman sa yo avvan jou egzamen an rive epi fè li sonje ke “diskite” kontni tès yo enkli nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou mesaj tèks, kourye elektwonik, poste mesaj sou medya sosyal, oswa pataje yo anliy. **Pandan ke elèv yo gen dwa pa pataje enfòmasyon sou kontni tès sekirize yo aprè tès la, règleman sa a pa nan entansyon pou anpeche elèv yo diskite eksperyans egzamen yo avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay Endepandaman**—Elèv yo responsab pou fè pwòp travay pa yo pandan egzamen an e pou pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap kopye pandan egzamen an, yo pral anile egzamen yo a.
- **Pati Kite Lekòl la**—Si pitit ou pati kite lekòl la avanli fini konplete egzamen (egzanp, pou lunch, pou yon randevou), yo **pap ba li** pèmisyon pou retounen nan tès sa a ankò. Si pitit ou pa santi li byen nan jou egzamen an, li kapab pi bon pou li rete tann epi pran egzamen an nan yon dat ratrapaj. Tanpri sonje pou ou pa planifye randevou nan jou egzamen yo.
- **Akomodasyon pou Egzamen an**—Si pitit ou genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP), yon Plan Seksyon 504, oswa si li se yon elèv ki ap aprann Anglè ke nou rele ELL (English Language Learner) oswa li te fèk soti nan pwogram ELL la, tanpri kontakte lekòl la pou diskite sou kalite akomodasyon ke yo pral ofri pitit ou pandan egzamen an.

Si ou genyen nenpòt kesyon ki gen rapò avèk administrasyon egzamen sa a, ou mèt kontakte Elisha nan Cohenel@collierschools.com. Pou plis enfòmasyon apwopo pwogram egzamen FAST la, tanpri ale vizite pòtal la nan FLFAST.org.

Mèsi paske ou ap sipòte elèv ou a e paske ou ap ankouraje li pou li fè tout efò li kapab pandan administrasyon tès la.

Sensèman,

Ms. Jennifer Bledsoe